ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№211 (22.119) ● 2011 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 9, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и комитетхэм хагъэхьхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и Регламентым и 20 статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и комитетхэм хэтыну гъэкІуэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу мы къыдэкІуэхэр:

Іэщэ Заур Борис и къуэр - законхэр къыдэгъэкІыным, къэрал уухэкІэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуным я Іуэхуэхмкіэ комитетым

Ахъуэхъу Къанщобий Мухьэмэд и къуэр - экономикэ политикэмрэ бюджет Іуэхуэхмкіэ комитетым

Мэремыкъуэ Сэфарбий Хьэбас и къуэр - промышленностым и зыужьныгъэм пыщІа Іуэхуэхмкіэ комитетым

Жанатаев Сэлим Алий и къуэр - социальнэ политикэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ комитетым

Несутулов Виктор Георгий и къуэр - мэкъумэш Іэнатіэм и Іуэхуэхэмрэ щІыуэпсыр кІэлъыплъмкІэ комитетым

Рахаев Анатолий Измаил и къуэр - лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэмрэ парламентхэм я зэпыщІэныгъэхэмкІэ комитетым.

2. Мы Унафэр Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м
№912-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и КІэлъыплъакІуэ-къэзыбж палатэм штаткІэ щылажь щІыху бжыгъэм и Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и КІэлъыплъакІуэ-къэзыбж палатэм и Іуэхуэкіэ» 2003 гъэм накъыгъэм и 29-м кьыдэкІа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №53-РЗ-м и 4 статьям и Іыхь 2-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

Къэбэрдей-Балъкъэр и Республикэм и КІэлъыплъакІуэ-къэзыбж палатэм штаткІэ щылажьэхэр щІыху 33-рэ (Іуэхущапіэр зезыхьэхьэр хэмыту) хъуэ къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2001 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м
№913-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэм кърикІуахэр

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым Іэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ зэушыгъэр хъумэныгъэмкіэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэзыв Іэнатіэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІа зэІушІэм щытепсэлъыхьащ 2011 гъэм и гъэмахуэм сабийхэм зэрызрагъэгъэпсэхуам, я узынщагъэр зэрырагъэфІэкІуам. Абы къыщыхагъэщхьэхуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и Іуэшапіэхэм мы Іэнатіэм егъэщІылІауэ Іэжьыгъэщхуэ зэрызэфІагъэкІар.

ЛЭЖЬЫГЪЭМРЭ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министрым и къуэдзэ **Голочалов Николай** къыІэхуэсахэм яжриІащ щыхуэхэр махуэкІэ здэщыІэ лагерхэу 180-рэ жэщи-махуи зыщагъэпсэжу Іуэхущапіэ хэу 20-рэ зэрылэжьар. 2011 гъэм зыгъэпсэхуным, узынщагъэр егъэфІэкІуэным и Іэнатіэм псори зэхэту сом мелуан 294-рэ мин 634-рэ трагъэкІуэдащ.

Санаторэ Іуэхущапіэм зы сабийр зэрыщІыІэм жэщмахуэм сом 676-рэ токІуадэ, сабий лагерым а Іуэхум щыхьыр сом 481-рэщ.

КъБР-м и республикэ бюджетым кьыхахри, куейхэмрэ кьалхэмрэ сом мелуан 41-рэ мин 974-кІэ зыщІагъэкъуащ сабийхэм лагерхэм зыщІагъэгъэпсэхун папщІэ.

Мы гъэм нэхъ егуГуащ школ-интернатхэм я гъэсэнхэм я узынщагъэр егъэфІэкІуэным. «Лагъэпыкіу» центрым зыщагъэпсэхуащ бын куэд щапІ, нэхъ хуэмыщІа унагъуэхэм я сабийхэу, зеинш эхэу, адэ-анэхэм ямыпІу, ныкъуэдыкъуэхэу 608-м.

Министрым и къуэдзэм и псалъэхэм ялепщІыхьмэ, гъэмахуэ лъэхъэнэм гупльитІкІуэ хуэщІащ сабийхэм, балигъ ныкъуэхъуэхэм я зыгъэпсэхугъуэр шынагъэунэшэу кьыдзэгъэпщынымкІэ егъэщІылІа Іуэхуэхэм.

Бжьыхьэ, щІымахуэ канигуІуэмэ псори зэхэту сабий минии 6-м нэблагъэм лагерхэм зыщІагъэгъэпсэхунущ.

- Бжьыхьэ пъэхъэнэм республикэ бюджетым и хьэкъкІэ я узынщагъэр ирагъэфІэкІуэнущ сабий 800-м, - щІигъэжащ Голочалов Николай.

ПсалъэмакъымкІэ пищащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Паразинэ Валентинэ.** Абы кьыхигъэщхьэкуІащ мы гъэм лагерхэм зыщІагъэгъэпсэхур 2010 гъэм елытауэ зэрыпнэжь машІэр. Ар кьыхэкІащ школхэм я щІыналъэхэм щылажьэ лагерхэм хухах ахъшэм зэрыкІэрыхуам.

КъыхэгъэщхьэхуэкІын хуейщ сабийхэр махуэкІэ здэщыІэ лагерь псоми ахэр тІэу е щэ зэрыщагъашэр. 2011 гъэм зы махуэм сом 141-рэ сомиІ 2010 гъэм ар зэрыхъуу щыта сомиІ 124-м и пІэкІэ.

ЗэфІагъэкІа Іуэхуэхэр сабийхэми абы я инагъэхэми щІэгъэкъуэныщхъэ яхуэхъуащ.

ЗэІущІэм и лэжьыгъэ хэтащ Щэхуакіуэхэм я хунтыныгъэхэр хъумэныгъэ щІыхуэхэм псэукІэ зэпэщ яІэныкІэ федералнэ Іуэхущапіэм и къудамэу КъБР-м щыІэ Іэнатіэм и унафэщІ **Хъэщіыкіу Климентий.** Абы кьыхэгъэщхьэхуІащ а къудамэр лагерхэм я щытыкІэм, сабийхэм ирагъэшх ерыскъым и фІагъым зэпымыууэ зэрыкІэлъыплъар. Къэпщытэныгъэхэр щрагъэжьуэкІым сэтей кьащІащ ныкъусаныгъэ зыбжанэ. Аэр псынщІэ дыдэу яГъэзэжьуэжащ.

ЗэІущІэм хэтахэм мы лэжьыгъэм егъэщІылІа Іэнатіэм пэрытхэм ират чэнджэщэгъэ кІащтащ.

БАТЫР Іюбэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

Кавказ Ищхъэрэм и зыужьныгъэм хуаунэтІ

Урысеймрэ Кореемрэ зэщІыгъуу кьыззрагъэпэщынущ Кавказ Ищхъэрэм и турист кластерым зегъэужьным телэжьну Іуэхущапіэ. Абы теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щыщІадзащ Санкт-Петербург щекІуэкІа «Урысеймрэ Корее Республикэмрэ я зэпсэлъэныгъэ» етІуанэ жылагъуэ зэхъыбэшхэм. Іуэхущапіэм Іэщ и устав мылъкум и процент 50-р «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер обществэ зэІухам, процент 50-р Кореем и лъэныкъэкІэ къэув зэгухьэныгъэхэм халъхьэнущ.

ІУЭХУЩІАПІЭР хэхауэ елэжьынущ Урысей Ипщэм щы-зэтрагъэувэ турист кластерыр энергикІэ кьызэгъэпэщыным. А пэжыгъэм хиубыдэу ФІамышкІэ, дыгъэм, жым я къарухэмкІэ лажьэ электростанцэр яГъэувынущ, абыхэм щІыуэпсыр ямыуцІэпІын папщІэ, зыхуэфащэ Іэмэпсымэхэр кьыззрагъэпэщынущ.

Роореем и хъэрычэтыщІэхэм мы Іуэхум сом 1 мелард хуэдиз кьыхалъхьэну я мурадщ. Предприятэр егъэтхыныр дызэрыт илъэсым кьриубыдэу зэфІэкІын хуейщ.

«Турист кластерым щІыхэм лэжьэну икІи зэрпсэун кьалэжьыну Іэмалхэр къэхуэзригъэпэщынущ. Кавказым зэпымыууэ ахъшэ кьыхуашийкІэ, зыужьныгъэщхуэ иІэныкъым. Аращ дэ уэхуэныгъэхэр щІедгъэкІуэкІар. Абыхэм ятедгъэкІуадэр инэхъыбапІэкІэ уней мылъкущ, инвесторхэми нэгъуэщІ кьралхэм ящыщ куэд кьэхуащ. Мы турист кластерым и фІыгъэкІэ лэжьапІэ Іэнатіэ минищэкэр кьызэІуахынущ икІи абы ди щІыналъэм и экономикэр нэрылъагъуу къыгъэщІэрэщІэжьынущ», - жиІащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Директорхэм я советым и тхьэмадэ Билалов Ахьмэд.

Нэхъ ипэкІэ мы турист кластерыр зэтегъэувэным Франджым щыщ инвесторхэр кьыхьыащ. Франджым и Президентым Іуэху хэхаэкмкІэ и лІыкІуэу Урысейм щыІэ Тома Жан-Пьер кьызэрилъытэмкІэ, а къэралым и хъэрычэтыщІэхэм Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьным теухуа проектым еврэ мелард 15 - 20 хуэдиз кьыхалъхьэфынущ.

Урысей Ипщэм щызэтраухуэ турист кластерым хиубыдэу 2011 - 2020 гъэхэм кьриубыдэу ящІынущ дунейпсо мардэхэм кьитІасэ кьурш курорту тху: Лагонаки (Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм), Архызэ (Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм), Іуащъэмахуэ-Безенги (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм), Мамисон (Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм), Матлас (Дагъыстэн Республикэм). Псори зэхэту абыхэм лыжкІэ кьыщажьыхьын гъэугуу километр 900-м нэблагъэ, кІапсэ гъэугуу 179-рэ щащІынущ. Апхуэдэу зэуэ щІыху мин 89-рэ зыщІэхуэн хьэщІэщхэр яухуэнущ. Кластерым хиубыдэ курортхэм махуэ кьэсэ щІыху мини 150-м щІигъум зыщагъэпсэхуфынущ, ику ину илъэсым абыхэм щІыху мелуани 5-10 щІэзэлэкІынущ.

ЗэманкІэрэ зэпыудауэ, мы проектым ипкъ иткІэ лэжьапІэ Іэнатіэ мин 330-м щІигъу кьызэІуахынущ.

Проектым хиубыдэу бгы-лыжэ курортхэр зэтегъэувэным сом мелард 451-рэ текІуэдэну кьалытащ. А ахъшэр къэралми уней мылъкуми кьабгъэдэкІынущ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

Иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрагъэпэщ

АБХЪАЗ. Сыхъум гъэш заводыр зэрагъэпэщыжащ икІи Италием. Урысейм кьыщыщІагъэкІа иджырей ІэмэпсымэщІэхэр абы щагъэуващ. Лэжьакіуэхэми гулъытэ яГуэтащ: зыгъэпсэкІыпІэхэр, зытІэщыпІэхэр, зыгъэпсэхуІэхэр къыхуэзрагъэпэщащ.

ЗАВОДЫМ и химие, биологие лабораторэхэм продукцэ хьэзырыр, ар къызыхащІыкІым я фІагъыр кьыщапщытэнущ. Къыхэгъэщынщи, зы жэщ-махуэм абы гъэшхэкІ тонн мини 10-м нэблагъэ кьыщалэжьынущ. Псалъэм папщІэ, кефир, шатэ, кхъуейпІалъэ, морожнэ, нэгъуэщІхэри. Іуэхущапіэм и унафэщІ Амичбэ Геннадий кьызэрыхигъэщамкІэ, я продукцэм щІэупщІэр куэд хъумэ, кьыщІагъэкІэхэм хагъахьэуэным кьыдэкІуэу, абы и лІэужьыгъуэхэми зрагъэубгъуэну Іэмал яІэнущ. Нэхъыщхьэраща, заводым щагъэхьэзыр псори гъэш дыдэм кьыхащІыкІ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Іэщ-Іэмэпсымэ

Мэжджытыщ Іэ къызэІуах

КЪУРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм щыІэ Терез къуажэм къурмэн махуэшхуэм ирихьлІэу мэжджытыщІэ кьыщызэІуахащ. А Іуэху щыхьэзэм хэтащ КъШР-м и муфтий Бердыев Исмахьил-Хьэжы, къуажэхэм, куейхэм я лІыкІуэхэр.*

И ЛЪЭС 20 и пэкІэ кэрагъэжьауэ щыта уху-ныгъэр иджы и кІэм нагъэсащ, пэш кІуэцІэр зыхуэей хуагъэзащ. Цыху минрэ 500-рэ зэкІуэлІэну мэжджытыщІэр мусЛЪымэхэм я мылъкукІэ яухуащ.

ЦыпІынэ Аслъэн и уэрам

● Хъыбар гуапэ

Тхъэмахуэ кІуам и кум Щхьэлыкъуэ къуажэ и щІыпІэ самоуправленэм и депутатхэм унафэ дахэ къащтащ. Абы ипкъ иткІэ дяпэкІэ жьылэм и Севернэ (Ищхъэрэ) уэрамым зрихьэнущ Іуэрыіуатэдж цІэрыІуэу, филологие щІэныгъэхэм я доктору, КъБКъУ-м и профессору, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ ІуэрыіуатэмкІэ кафедрэм и унафэщІу, ПТДАА-м и академикыу щыта ЦЫпІынэ Аслъэн и цІэр.

КЪУАЖЭМ и тхьэмадэ Кунижь Хьэчим хъыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, мы Іуэхум нужь ихьан и пэ а уэрамым тес унагъуэхэм счэнджэщащ икІи зэдэарэзыуэ ар кьыдаІыгъащ.

Апхуэдэ жэрдэмыр кьыхэзылъхьар Къэбэрдей Адыгэ Хасэрщ. Мазэ бжыгъэ и пэкІэ абы лъэІукІэ захуигъэзат Щэджэм районымрэ Щхьэлыкъуэ къуажэмрэ я унафэщІхэм.

Нэгъабэ щІэпхъаджащІэхэм яІэщІэкІуэда цІыху щэджащэ ЦІыпІынэ Аслъэн и цІэр иджы зэрехьэ ар щыпсэуа уэрамым.

ТХЪЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Республикэм и цІыхухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и дежэ жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм теухуауэ хъыбар зэрерагъащІэ хъуну телефонхэр.

ВЛАСТЫМ и лІыкІуэхэм яІыгъ къулыкъухэр я щхьэ Іуэхукіэ кьызэрагъэсабэхэм, лэжьыгъэм ехьэлІа, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудым фыщыгъэгъуэзэмэ, а телефонхэмкІэ Администрацэм и лэжьакІуэхэм захуэгъаза хъунущ. ХэлъщІыу фщІыну фызыгъэшІынырэ Іуэху гъэрхэм фытепсэлъыхьынымэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакІуэхэм зыкьыфпащІэ зэрыхъуну телефоныр къэзгъэлъагъуэмэ зэфІэкІынущ. Цыхухэм къабгъэдэкІ дэтхэнэ хъыбарри урысей законодательствэм кьызэрригъэувым тету зэхагъэкІынущ хабзэхъумэ, къэпщытакІуэ органхэм. Хъыбарыр кьызыбгъэдэкІар хэІущІыІу ящІынукъым.

Телефонхэр: **8(8662) 47-17-79, 47-32-56**.

● ЗэпыщІэныгъэхэр

Зэкъуэтыныгъэм фІым ухуешэ

Тхъэмахуэ кІуам и кум Щхьэлыкъуэ къуажэ и щІыпІэ самоуправленэм и депутатхэм унафэ дахэ къащтащ. Абы ипкъ иткІэ дяпэкІэ жьылэм и Севернэ (Ищхъэрэ) уэрамым зрихьэнущ Іуэрыіуатэдж цІэрыІуэу, филологие щІэныгъэхэм я доктору, КъБКъУ-м и профессору, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ ІуэрыіуатэмкІэ кафедрэм и унафэщІу, ПТДАА-м и академикыу щыта ЦЫпІынэ Аслъэн и цІэр.

Цыхубэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьлІэу Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм щрагъэкІуэкІа автопробегым хэтахэр Къэбэрдей Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым щызэхуэсащ. А Іуэхуэгъуэр кьызэрагъэпэщащ ШэщІэн Республикэм Щалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ и къэрал комитетым. РОСТО (ДОСААФ) республикэ къудамэм, «Путин» зэкъупсэ клуб» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и ныпхэмкІэ гъэщІэрэщІа автомашинэ колоннэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэсын и пэкІэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыІэ Магас кьалэм, «Елъхьуэт куэбжэхэр» щыпІэм щыІащ.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым автопробегым хэтхэр КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министр **Хъэжрокъуэ СультІан,** ДОСААФ-м и щыналъэ къудамэм и унафэщІ **Іэщын Юрэ** студент щІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм кьыщыгъэзБэгъащ. Делегацэхэм я унафэщІхэр фІэхъусу псалъэ гуапэхэмкІэ зэхуэзэжащ. Абыхэм нэхъыщхьэу кьыхаГъэщащ Кавказ Ищхъэрэм, зэрыщыту Урысейм, щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэгъэзэуэным мыхьэнэщхуэ зэриІэр.

- Ди кьарур - зэкъуэтыныгъэрэщ. Дызэгъуэсэмэщ фІы гуэр щытхуэзэфІэкІынури ар зэщыщІгъэгъупщэ хъ унукІым. Псом хуэмыдэу зи хабзэзэрэ зи динрэ зиІэж лъэпкъыбзу зэхэт Кавказ Ищхъэрэм дежкІэ абы мыхьэнэщхуэ иІэщ. Автопробегым хэтхэм КИФШІ-м и адрей щІыналъэхэм фІэхъус гуапэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкІри хьэхъэу, нахьэсынущ, - жиІащ Хьэжрокъуэм.

Утым къыщІэзэ уэсахэм цІыхубэ зэкъуэтныгъэм и дамыгъэ Темрыкъуэ Марие и фэеплъым деж удз гъэгъахэр тралъхьащ, адэкІэ кьафэ зэпеуэ зэхащІ.

Адэкіэ ав топробегым хэтхэр гъуэгуанэм теувэжащ. Абыхэм кІэуныу щеблэгъэну Къэрэшей-Шэрджэсымкіэ яунэтІащ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Албэч.

Аргуэру щІыхьэ

Японием и ипщэ щІыналъэхэм дыгъуасэ щІыр щыхьеящ баллри 6,8-рэ и лъэшагъэу. Абы метеорологиемкІэ и управленэм кьызэритымкІэ, щІыхьэм хысыдж псыцэз кьыхимыкуу мы зэм кьызэтенащ.

Абы и кьежьапІэр Кьухьэпіэ-Китай тенджжыз лъащІэм, километр и куу агъэкІуэ. Окинавэ хытІыгум пэгъунэгъуэу щытащ. Щыхьэпр щызыхащІащ Японием и ипщэ щынэкьуэмкІэ щыІэ Америкэм я Вооруженнэ хэхуэ Щыхьэпм зэтрихь уэхэм, фэбжь хэзыхахэм ятеуухуауэ хъыбар гуэр кьатыркъым.

Мелуан 28-кІэ

Ливием и унафэщІу щыта Каддафи Муамар кьыгурыІуэрт зы зэман и тепщынагъэр зэракьутэнури, иль зэрищІэжынум егупсысауэ зыхуэгъэхьэзыращ.

Ливием и политик, Хьэрпіэхэм лэжьыгъэмкІэ я зэгухьэныгъэм и унафэщІу щыт Кувейдар Ибрэхьим зэрыжиІэмкІэ, ильэс ныкъуэ и пэ Каддафи Трипол щІа Баб-эль-Азизи хэщІапІэм щригъэкІуэжащ дунейпсо террористхэм я зэІущІэ. Абы щагъэхьэзыращ зыкъэзыІэтахэм властыр яубыдэ нэужь. Ливием властыр зыІэрыхьахэм ядэІэпыкъуэ къэралхэми теракт-хэр зэрыщалэжьыну щыкІэм. Ар гъэззэщІа хъун папщІэ, Каддафи террористхэм яритат доллар мелуан 28-рэ.

Кувейдар Ибрэхьим зэрыжиІэмкІэ, нобэ Мысырым зыщагъэпсэхуащ Каддафи властыр кьыдэзыІыгъауэ щыта щІыпкъэ Іуащъэ.

Лъэпкъ Іуащъэ:

Щхьэм имылъмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ.

● Фэеплъ махуэ

Ящыгъупщэркъым

Къэрал кІэущІ Іуэхуэхмкіэ Іэнатіэм, Урысей МВД-м и къэралкІуэпІыщІэм кьулыкъу щезыхьэхэу зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм щэкІуэгъуэм и 8-р я фэеплъ махуэу щыташ. КъБР-м щыІэ МВД-м абы ехьэлІа Іуэхуэгъуэхэр дыгъуасэ щекІуэкІащ.

2011 гъэм щІэпхъаджащІэхэм ятепщІэту хабзэхъумэ 25-рэ хэкІуэдащ. Урысейм и Президент Медведев Дмитрий и унафэкІэ абыхэм ящыщ куэдым ЛІыгъэм и орденхэр хуагъэфэщащ. Хэкіуэдахэм зэрахьа хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ пщІэ хуащІу КъБР-м щыІэ МВД-м и кьулыкъущІэм кьалэн нэхъыщхьэм - республикэм щыпсэухэм я щынагъуэншащэр къыздэгъэпэщыным - я кьару псори хуаунэтІ.

Хэкіуэдахэм я щІэхэр кьызытещ мемориал пхъэбгъуэ удз гъэгъахэр тралъхьащ. Абы хэтащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министр КъБР-м щыІэ полицэм и полковник Васильев Сергей.

Фэеплъ махуэм теухуа Іуэхугъуэхэр Урысей МВД-м и къудамэу КъБР-м щыІэхэм щекІуэкІащ.

Къэрал кІэущІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр йокІуэкІ.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищтащ 2011 гъэм фокIадэм и 29-м

1 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хэлъхьэн мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр:

1. 11 статьям и Iыхьэ 1-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын.

«1. Къэрал властыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыэзрахь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, судхэм.».

2. 69 статьям и «Iи» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«л) ди хэкуэгъуэр, къэралым кIэлэпсъэжхэри яхэту, Урысей Федерацым и законодательствэм тету къыгъэблагъэжыныр, абыхэм я Iуэхуэр зэфIэгъэувэжыныр;».

3. IV Iыхьэм и псалъащхьэ мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«IV Iыхьэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭМ И IЭТАЩХЬЭР».

4. 78 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«78 статья

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр къэралымрэ гъэзэщIакIуэ властымрэ я унафэщIщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кулыкъу нэхъыщхьэ дыдэр щызыныIэ цыхуэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, цIыхумрэ гражданинымрэ я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ я щэсыпIэщI. Мы Конституцэм игъэува хабзэм тету абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щынагъуэншагъэр хъумэным, и щIыналъэр зыиуэ щытыным хэзгъэзэа Iуэхуэр елэжь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и адрей органхэм ядлэжьэнкIэ къызэрегъэпэщ, апхуэдэу Урысей Федерацым и законодательствэм тету абы къызэригъэпэщ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэр гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэмрэ абыхэм я щIыналъэ органхэмрэ, щIыпIэ унафэ зезыгъакIуэ органхэмрэ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэмрэ ядэпжьэныр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм республикэм и къэрал кIуэцI политикэм абы и дунейпсо, щIыналъэ зэпыщIэныгъэхэм я унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр еубыдыж.

4. Къэралым и унафэщIу зэрыщытым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэкIэ къыщоув Урысей Федерацым и къэрал властым и органхэм, Урысей Федерацым и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я деж, апхуэдэу къэрал щыбым.».

5. 79 статьям:

1) Iыхьэхэу 1-мрэ 2-мрэ мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и полномочиехэр илъэситху пIалъэкIэ гражданиным бгъэдельхъэ Урысей Федерацым и Президентым къызэригъэлъэгъуэм ипкъ иткIэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу щыт хъунущ хамэ къэралым и гражданствэ е хамэ къэралым пIалъэкIэ, апхуэдэу зэпымыууэ щыпсэуну зэрыхуитымкIэ нэгъуэщI тхыпIь гуэр зимыIэ, зи ныкъыбI илъэс 30 иракъуэ Урысей Федерацым и гражданиныр.».

2) Iыхьэ 4-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«4. Гражданиным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и полномочиехэр зэрырат щыкIэр федеральнэ законым, мы Конституцэм яубыхьу.».

6. 80 статьям и Iыхьэ 1-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр и къулыкъым щытеувэкIэ мы къыкIэлъыкIуэ тхъэпIуэр кьехь:

«Тхьэ фхуэоIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и полномочиехэр щызгъэзащIэкIэ цIыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэм, щхьэхуитыныгъэм пщIэ яхуэсощIыну, ахэр схъумэну, Урысей Федерацым и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм сигъэтёныу икIи ахэр схъумэну, республикэм и къэралыгъуэр хъума хъунущ, щIыналъэр зэкъуэту щытыныр, абы щынагъэуэнщагъэр хъумэныр кьыззэгъэпэщыну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм пэжыгъэкIэ сахуэлэжьну».».

7. 81 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«81 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и арэзыныгъэ хэлъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым ягъэувы;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэр кьещIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудзэхэр, министрхэр, республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я адрей унафэщIхэр я къулыкъухэм егъэув икIи трегъакI; Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хыхьэхэр кьещтэ;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зэIущIэхэр езыр тхьэмадэу щысу иригъэкIуэкIыну хуитщ;

г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр тегъэкIыным техуэу унафэ кьещIэ;

д) федеральнэ законым щыубзыхуа щхьэусыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр зэбгрегъыпщыкIыж;

е) хагъэкIащ;

ж) законым къышыгъэува хабзэм тету муниципалнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр я кулыкъым трегъакI;

ж-1) федеральнэ законым къышыгъэлъэгъуа щхьэусыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ япкъ иткIэ муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и кулыкъур щхьэщыхьыныкIэ жэрдэм кьыхелхьэ;

з) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщыкелхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и къудзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и судыщIэ-секретарым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и адрей судыщIэхэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм я къулыкъухэм ягъэувын папщIэ кандидатурэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и КIэлэпIыпIакIуэ-къэзыбж палатэм и унафэщым и кандидатурэр кьыкелхьэ;

и) законым игъэува хабзэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ящэнджэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и къулыкъым ягъэувын папщIэ Урысей Федерацым и Генеральнэ прокурорым кьыхилъхьа кандидатурэмкIэ;

к) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэкаIуэ комиссэм хэтхэм я зэхуэдитIыр хегъэхъэ;

л) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ и советыр, зи статусыр республикэ законымкIэ яубзыхуар, къызэрегъэпэщ икIи абы и пашэщ;

м) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэр къызэрегъэпэщ;

н) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лыкIуэхэр егъэув икIи трегъакI;

о) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым кьыбгъэдэкIыу Урысей Федерацым и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацыкъэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лыкIуэу щыIэр федеральнэ законым кьыззэрыщыгъэлъэгъуа щыкIэм хуэдэу егъэув;

п) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и лыкIуэхэр егъэув икIи трегъакI;

р) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр ет;

с) Урысей Федерацым и гъэзэщIакIуэ властым и щIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм я унафэщIхэм я кулыкъухэм ягъэувынухэм я кандидатурэхэмкIэ ягуфIуэ;

т) федеральнэ законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм ипкъ иткIэ нэгъуэщI полномочиехэри егъэзащIэ.».

8. 82 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«82 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр кьещIэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын, Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм фокIадэм и 29-м
№848-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм:

а) хагъэкIащ;

б) хагъэкIащ;

в) хагъэкIащ;

г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым законопроектэр кьыщыхелхьэ;

д) республикэ законхэм Iэщлъэ икIи цIыхухэр щыгъуазэ ещI;

е) республикэм щыIэ щытыкIэм, республикэм и къэрал политикэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм я тхуэхуауэ ильэс кьэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зыхуегъазэ;

е-1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым гъэ кьэс ирет Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм илэжьахэм, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къигъэувахэри хэту, кьарикIуахэм я тхуэхуауэ отчет;

ж) мы Конституцэмрэ республикэ законхэмрэ кьыщыгъэлъэгъуахэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Судым зыхуегъазэ;

з) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ программэхэм я проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщыхелхьэ.».

9. 83 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«83 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIуэцI политикэм унафэ хуещI икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и рейтинг, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр Урысей Федерацым дрегъэкIу;

б) зэпсэльэныгъэхэр ирегъэкIуэкI икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэкIэ договорхэмрэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ Iэщлъэ.».

10. 86 статьям и Iыхьэхэу 1-4-хэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм указхэмрэ унафэхэмрэ кьыдёгъкI.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ псом Iэмал имыIэу щагъэзащIэн хуейщ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ Урысей Федерацым и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацым и Президентым и указхэмрэ Урысей Федерацым и Правительствэм и унафэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэмрэ республикэм и законхэмрэ емызэгъыу щыт хъунукъым.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я актхэр екъуэж, а актхэр Урысей Федерацым и Конституцэм, Федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, республикэ законхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ емызэгъэ нэужьым.».

11. 87 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«87 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр лэжьэныгкIэ абы социальнэ дэIэпыкIныгъэ иIэныжмкIэ, и пщIэмрэ и щIыхьымрэ хъума хъунымкIэ щэсыпIэхэр законым еубыдыж.».

12. 88 статьям:

1) Iыхьэхэу 1-мрэ 2-мрэ мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и полномочиехэр игъэзащIэу щIедзэ тхьэрыIуэ псалъэр щитам щегъэжьауэ икIи ахэр гъэзэщIэн еух и полномочиехэм я пIалъэр зэрикIыу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и полномочиехэр я пIалъэр кьямысу егъэтIылъыж федеральнэ законым кьыщыгъэува Iуэхуэхэмрэ хабзэхэмрэ тету.».

2) Iыхьэ 3-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ (сымаджэгъэкIэ е зыгъэпсэхуакIуэ зэрыкIуам, къыхэкIыу) щимыгъэзэщIэфынухэм деж, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым егъэзащIэ, федеральнэ законым кьыщыгъэува щыхуэкIуам нэмыщI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм хуитыныгъэ иIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр зэбгрилъыпщыкIыжыну е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм щыгъэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа Iуэхуэхэр кьиIэтыну.».

13. 90 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«90 статья

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и дэкIуэ зэрыхуимыщIыр кьигъэлъэгъуэну хуитыныгъэ иIэщ мыпхуэдэхэм деж:

а) абы Урысей Федерацым и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм емызэгъ ахэр кьыдёгъкIащ, а емызэгъныныгъэхэр зыхуэфащэ судым зэхигъэкIамэ, ауэ суд унафэм кьару щигъуэтам щегъэжьауэ зы маззм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм а емызэгъныныгъэхэр имыгъэзэжкIэ;

б) Урысей Федерацым и Конституцэр, федеральнэ законхэр, Урысей Федерацым и Президентым и указхэр, Урысей Федерацым и Правительствэм и унафэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр, зыхуэфащэ судым зэриубыхуам хуэдэу, щхьэщIэфIу къызэпидаму икIи абыхэм цIыку куэдым я хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ зэран яхуэхъункIи кьишамэ;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр нэсауэ имыгъэзащIэмэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм дзыхь зэрыхуимыщIыр теухуа унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат псоми я Iыхьэ щанэм нэхърэ мынэхъ мащIэм кьызэрыхалъхьам тету кьащта, абы папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат псоми я Iыхьэ щанитIым Iэ яIэтамэ.

2-1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм дзыхь зэрыхуимыщIымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и унафэр Урысей Федерацым и Президентым хуагъэхэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кулыкъым тегъэкIыным унафэ трищIыкIын папщIэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр и кулыкъым тригъэкIыну Урысей Федерацым и Президентым унафэ кьищтамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр токI. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэу тригъэкIам и гъжьыгъэм пещэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр щIэуэ кьыззэрагъэпэщыжыу.».

14. 97 статьям и Iыхьэ 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и япэ зэIущIэр ирегъэкIуэкI абы унафэ кьищтэну хуит зыщI бжыгъэм хуэдиз щыхахам щегъэжьауэ махуэ ещанэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэIущIэр а пIалъэм нэхърэ нэхъ пасэу зэхуигъэс хъунущ.».

15. 100 статьям:

1) «б-1» - «г-2» пунктхэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«б-1) Урысей Федерацым и Президентым къызэрыхилъхьам тету Урысей Федерацым и цIыхум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и полномочиехэр етыныр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым дзыхь зэрыхуныным (хуэмышIыным) теухуа Iуэхум унафэ тещIыхьныр;

г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэщIыр игъэувынымкIэ арэзы хуныр;

г-1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къызэрыхилъхьам ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я системэр убзыхуныр;

г-2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм, абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къигъэува Iуэхуэхэр яхэту, кьарикIуахэм я тхуэхуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и отчетхэм гъэ кьэс едэIэныр;».

2) «л» пунктыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«л) республикэ законым зэрыщыубзыхуам тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и КIэлэпIыпIакIуэ-къэзыбж палатэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и КIэлэпIыпIакIуэ-къэзыбж палатэм и аудиторхэр я кулыкъухэм гъэувынымкIэ;».

16. 105 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«105 статья

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищта законыр махуипщIым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуагъэхь, Iэ щIидзын икIи цIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм законыр кьышыIэрыхьам щегъэжьауэ махуэ пщыкIуплIым кьриубыдэу Iэ щIедз икIи цIыхуэр щыгъуазэ ещI.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм махуэ пщыкIуплIым кьриубыдэу законыр кьымыщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм игъэува хабзэм тету а законым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр щIэрыщIэу хоплъэж.

4. Кьытрагъэзэжу хэпIа нэужь, нэхъапэкIэ кьызэращтауэ щыта редакцэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат псоми я Iыхьэ щанитIым Iэ яIэту а законым ящэнджэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым абы Iэ щIидзын икIи цIыхуэр щыгъуазэ ищIын хуейщ махуиблым кьриубыдэу.

17.106 статьям:

1) Iыхьэ 1-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«1. Законыр ящэнджэщым и жэрдэм кьыхальхьэну хуитыныгъэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэрэ кьабгъэдэкIыу Урысей Федерацым и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацымкIэ и Советым хэтхэм, муниципалнэ щIыналъэхэм я лыкIуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэм я цIыху - абыхэм я республикэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Судыщ Iэнхъыщхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитраж Судым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым, гъэзэщIакIуэ властым юстицэмкIэ и федеральнэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Цыхуэм и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэкаlуэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал-правовой-къэзыж палатэм.»;

2) Iыхьэ 3-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«3. Налогхэр гъэувыным е къытэжыным, ахэр тыныр ящхьэщыхьным, финанс IуэхуэхмкIэ республикэм и пщэ дилъхьэжа кьалэнхэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и къэкIыгъэ ирыригъэкъуэ зэщIыныгъэхэм ятеуха нэгъуэщI законопроектхэм хоплъэ, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьыхилъхьэмэ е абыхэм ятеуха заключенэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм игъэхъэныгъэ щыIэмэ икIи апхуэдэ заключенэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ягъэхь а законопроектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм щыIэрыхьам щегъэжьауэ махуэ щэщI нэхъыбэ дэмыкIыу.».

18. 107 статьям и Iыхьэ 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и полномочиехэр и пIалъэр кьямысу игъэтIылъамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым е я Iухэр зи пщэ дэхуэ нэгъуэщI органэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зи пIалъэр кьямыса и хэхыныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну ягъэув Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ унафэр зезыгъакIуэ и органхэр зэрыщIэупщIам ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым зэпкърех мы къыкIэлъыкIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм къызэрезэгъыр:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьыдагъакIа хабзэ мардэхэр, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм кьащта хабзэ мардэхэр;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дунейпсо, щIыналъэ зэгурыIуэныгъэхэу кьару зымыгъэтахэр.»;

2) Iыхьэ 5-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ унафэр зезыгъакIуэ и органхэр зэрыщIэупщIам ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым заключенэ етх Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр къызэрыпэщыдаж.».

25.127 статьям и Iыхьэ 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Законым зэрыщыгъэувам тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым iочэнджэщи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр и кулыкъым егъэув Урысей Федерацым и Генеральнэ прокурорым.».

26.137 статьяр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«137 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Iэху кьышцIэт хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату хаха псоми я Iыхьэ щанитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм абы папщIэ Iэ яIэтамэ.».

2 статья

1. Мы Законым кьару егъуэт 2012 гъэм щIышлэм и 1-м щегъэжьауэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэр мы Законым ирагъэзэгъыжын хуейщ абы кьару щигъуэтам щегъэжьауэ мазих нэхърэ нэхъыбэ дэмыкIыу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэжыху, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым теухуауэ абыхэм хэт Iуэхуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм теухуауэ кьалъытэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м
№91-РЗ

Жылагъуэ Советым щаубзыху

КъБР-мкIэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ Советым и гупщIэм и зэIущIэ зэхэтащ. Адыгэ щыхьащ гъуэзаджэм и дэжьыдэхэр, елжагъэшхэхэр, юридическэ, дин, жылагъуэ зэгуэхьынымкIэм и IыкIуэкIэр, дохутырэр, еджапIэ нэхьыщхьэхэм, курытхэм я егъэджакIуэхэр зэхэтащ щыхуэ 15.

КъЭРАГIкIуэщI Iуэхуэмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и полковник Васильев Сергей КъБР-м жылагъуэ зэпIэзэрытынымкIэр кIыхьщыхьэпэщыным, кIэрал кIуэщI Iуэхуэмкlэ Iэнатlэмрэ щыхуэмкlэ я зэнэкъокъуэгъэр адэжIи егъэфIэкIуэным теухуа лэжьыгъэм жьыджэру хэтыну гукъыдэж зыщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ. «Полицэм и Iуэхуэкlэ» федеральнэ законыщI къыхэзыгъэм гражданинэ зэгурыIуэныгъэр, законностымрэ зэхэзыгъэм къызэрыкIуэзэрыщыным щызэдэлажьэнымкIэ, абы хуэунэIа кIыру узынышхэр зэгъэуIуныкlэ Iэмальщlэхэр къет», - кIыхьчэщащ абы.

Хабзэхъуэмэхэм я лжьыбгъэм ефжIыкуэмкIэ зэщIэгъэIуа щыхуэмкlэ Iэнатlэм я деж щыIэ жылагъуэ советхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. Аэхэр Урысей МВД-м и къудамэхэм кIыщIыщIэдзауэ и аппарат нэхъыщхьэм нэсу кIыщIыщIэзэгъэпэщ.

- Дэ жылагъуэм пыщIэнигъэ яхуэдизыщ, жылагъуэ, политикэ Iэнатlэхэм дазэрыдзэм, жьэным дрителъхьащ. ГъащIэм кIыщIэгъэльагъэщ, щIэзэрыдзэ зэпыщIэнигъэр щIыхуэхэм я ехутиныгъэмрэ хъуэмэным, зэрыщIыту хабзэр гъэбыдыным теухуа лэжьыгъэхэр зэфIэкIуэным кIэ щхьэзэщ, - жиIащ Васильевым. МВД-м къехъулIаэхэр къыщалъытэкIэ, иджы нэхъыщхьэ щIыхуэхэм я Iуэху епIлъыкIэм зэрытрагъащIэр щхьэхуэзу къыхигъащIэ.

Къэрал кIуэщI Iуэхуэмкlэ органхэр хьыбарегъащIэ Iэнатlэкэм эрадзэлэжьэну щIыкIэр «Полицэм и Iуэхуэкlэ» законым щыубзыхуащ. Кхьихдзгъэщынщи, хьыбарегъащIэ Iэнатlэкэр, интернетыр, апхуэдэуи къулыкъущIэхэм я оччетэмкlэ полицэм и гъэкьыгъэм щыгъуэзэ ещI.

Васильев Сергей зэрыжиIамкlэ, щIыхуэхэм я щынагъэуэнщагъэ кхьыдзгъэпэщынымрэ, республикэм и щынагъэм щыIэ щIэпхъащхьащIэ гупхъэ яIэпщIэтынымрэ КъБР-мкIэ щIэнкIэ щIэнкIэ щхьэзэщ, - жиIащ Васильевым. МВД-м къехъулIаэхэр къыщалъытэкIэ, иджы нэхъыщхьэ щIыхуэхэм я Iуэху епIлъыкIэм зэрытрагъащIэр щхьэхуэзу къыхигъащIэщ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Футбол

«Спартак-Налшыкым» бжьыгъэ кьызэIуех.

Налшыкдэсхэм я гъэщIэхьэхъумэныкIуэ Рухаиа Гудэ (№22) эзIущIэм щынэхьыфIахэм ящыщ зыщ.

Илъэсрэ зы махуэкIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Амкар» (Пермь) - 2:1 (1:0). Щэрыуэгъуэм и 6-м. Налшык. «Спартак» стадион. Щыхъ мин 3 епльащ.

Судьяхэр Мешков (Дмитров), Воронцов (Ярославль), Данченко (Уфа).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Лебедев, Овсянкин, Багаев, Куликов, Концедалов, Щанищин, Рухаиа, Голич (Сирадзе, 86), Гъэущокъуэ (Гриднев, 73), Митришев (Сигурдссон, 90+1).

«Амкар»: Нарубин, Мияйлович, Сираков, Черечников, Багаев, Гришин (Бурмистров, 63), Новакович (Джалович, 46), Мийич (Тюкалов, 71), Коломейцев, Кнежевич, Михалев.

Топхэр дагъэкIащ Концедаловым, 45 (1:0). Сираковым, 48 -ем и тIуэм (2:0). Тюкаловым, 90 (2:1).

Дагъэу хуащIащ Голич, Мийич, Мияйлович, Гъэущокъуэм, Рухаиа, Черечниковым.

ИЛЪЭСРЭ зы махуэкIэ дыпэплъащ «Спартак-Налшыкыр» и стадионым щыгъэкIуэным. Нэгъабэ щэкIуэгъуэм и 5-м, иджы щымыIэж Мэзкуу областым и «Сатурн»-р 2:0-у щихагъэщIам, хэт и гугъэнт къыкIэлъыкIуэм апхуэдизрэ дежьэну. АрщхьэкIэ Нарубин щыгъуэ мыщIагъуэу къыщIэкIащ. Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ щэкIуэкIа зэкъэзхуэхэм зэрыхэта илъэс 52-м кьиурыбыдэу апхуэдизу мыхьумыщIэу щыджэгуа илъэс нэхъапэм зэгурым къэхъуаэ фIэщыгъуэйщ.

Мыгъэрей зэпеуэр имыух щIыкIэ зы текIуэныгъэ нэхъ мыхьуми я стадионым щызэIорызыгъэхьэну хущIэкъуа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм зэIущIэр жыдджэр ирагъэжащ. АрщхьэкIэ, уэшхэр уэсрэ зэщIэлъу кьызэрешхам нэхъ Iисрафьж ищIа джэгунэ губгъуэм абыхэм зыщагъэзэну Iэмал я'эщэткъым. Аэр тезыгъэгушхуэныи стадионым къекIуэнIэр щIыкIу мащIэ дыдэт - кьурмэным и яп махуэм и гуащIэгъэу дыдэм зэрытехуамрэ (зэIущIэм сыхьэт 14-м щIидзащ) мыгъэрей гъэм гукъыдэж кьызэрырамытымрэ дунейм и щIыIагъыр хьихьэкрэ, нэхъыбэм я щхьэ I ыуэру зэIатехуамрэ нэхъ кьащтащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, хэгъэрейуэм «Амкар»-м и гуащIэ кьатIысыхьу хуежьащ. Джэгум зэрыщIидгъэр зы дакъикIэ джалу Гъэущокъуэм и Iуэхущ. Топым хэщIэхэм я гъуащхьэтетым, и зэфIэкI псори зэхилъхьэу, кьригъэгъэзэн хуей щыхьуам. Абы нэгъуэщI бгъэрыкIуэныгъэхэри кьыкIэлъыкIуащ. Перидзэхэм ахэр кьайхьэлъэкIыпэрэ кьызэтрагъэувыIэрт икIи езыхэри яп эхIэ кIуатэрт. Апхуэдизэм ящыщ зым Мийич кьыхита топым Фредриксон и пащхьэ дыдэм и дежь кьыщирихъэгъэзащ. Насып диIэтэ, Новаковичым гъуэ нэщIым хуигъэзэфакIым.

ЕпщIыкIубгъуанэ дакъикъэм Митришевым бжьыгъэр кьызэIуихьэм зы мащIэ дыдэщ иIэжар. АрщхьэкIэ Нарубиным топыр зыIэригъэхащ. КъыкIэлъыкIуэу хьэщIэхэми апхуэдизэ Iэмал дыдэ кьахъкъуэкIащ - Новаковичи аргуэру гъуэ нэщIым еуащ, ауэ топым Багаевыр кьыгъэщIэуващ.

Джэгум и яп Iыхьэр и кIэм нэблагъэпауэщ бжьыгъэр кьызэIуха щыхьуар. Штрафиойм и ихьэпIм и дежь щыгу Концедаловыр лъэщу зэуа топым хьэщIэхэм я гъуащIхьэтетыр пльэщащхьам.

Яп эзэщыр я гукьыдэжм зыкъригъэIэтагъуэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр загъэпсхуну икIащ. А дакъикъэ пщыкIутхум кьрифыдзу я тренерхэм кьыжраIэр Тхъэм ещIэ, ауэ ахэр нэхъ жыджэрыжу джэгунIэ губгъуэм кьихьэжащ. Ар пщIэнщ хьуакъым.

ЗэрыщIадзэжрэ дакъикъищ джалу араг ди щIалэхэр 2:0-у яп щинам. Щаницыным углоовйм и дежь кьыщихита топым кьыщригъэгъазэм хьэщIэхэм я гъуащхьэхьэуам Сираковым ар щхьэкIи и гъэм дигъэкIыжащ.

АдэкIэ «Амкар»-м зыгуэр кьиугупсысын хуейт. Арати, абыхэм я тренер нэхъыщхьэ Божович и гъуащхьауэхэр щыхуипIлым нигъэзащ, апхуэдизэ щIыкIэкIэ Iуэхур игъэзэкIуэжьи и гугъэу. АрщхьэкIэ пермдэсхэм я щытыкIэр абы нэхъ Iейж ищI пэтащ. Гъуащхьэхъэмэхэр зэрагъэзэщIар кьагъэсебэпри, нахьыбэхэм зрачащ икIи Щаницынымрэ Концедаловымрэ я закъуэу хьэщIэхэм я гъэм бгъэдыкIащ. АрщхьэкIэ Роман Iэмал гъуэзэджэр кьыхуэгъэсебэпакъым икIи эуа топыр гъуэм хуигъэзэфакъым.

Джэгур и кIэм нэсыпауэщ «Амкар»-р кьыщыхэжаныкIыфар. Абы и гъэщхьауэ щIалэщIэ Тюкаловым нужь дыдэ дакъикъэм кьытхуигъэкIа топым мы гъэм яп дыдэу «Спартак-Налшыкым» и стадионым кьыщихьыну текIуэныгъэр кьыгъэпиудыжьфакъым.

Судьям кьыщIигъуа дакъикъэ зыбжанэр ди щIалэхэм я нэIэм щIэту ирагъухащ. Абы и фIыгъэкIэ ахэр 2:1-уэ текIуа пэтми, мыгъэрей зэхъэзэхуэм и яп Iыхьэм епщIыкIутхуанэ увыпIэм нэхъ льагъу заIэтыфакъым.

Iуэху гугъэ псори зэпхар тхьэмахуитI дэкIмэ щIэзыдзэну етIуанэ Iыхьэрщ. Абы щегъэжьауэ «Спартак-Налшыкыр» щIэбэнынущ етIанэгъэ премьер-лигэм кьызэрыхэнэнум. Иджыри кьэс кьалъэIэтыгъуэ джэгуIкIмэ Iэар хуабжьу гугъу зэрыхъунум щэч хэтъкъым. Ди щIалэхэм адкIэ хьэхуэрэгъуэ кьахуэхъунущ турнир таблицэм ебгъуанэ увыпIэм щыщIэдзауэ кьехэхэр, абы щыгъуэми дэтхэнэми идкIаи кьэс зы Iэригъэхьа очко бжьыгъэр кьыхуэнэж. Ахэр зэрыздэджэгуну календарыр ми махуэхэм зэхагъэувэнущ икIи ар хьэзыр зэрыхьуу щыгъуэзэ фIыхуэтщIынущ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхъэзэхуэм и яп Iыхьэм и нужьрей джэгугъуэр гуащIэу щытащ. Абы щыхьэт тохъуэ кIэух зэIущIэхэм кьарикIуа бжьыгъэхэр: **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:1, «Анжи»** (Мэхъачкъалэ) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) **-3:1, «Тэрч»** (Грозный) **-«Краснодар»** (Краснодар) - **2:0, «Кубань»** (Краснодар) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **1:1, «Волга»** (Новгород Ищхьэрэ) - **«Рубин»** (Къазан) - **1:0, «Динамо»** (Мэзкуу) **«Спартак»** (Мэзкуу) - **1:1, «Ростов»** (Дон Iус Ростов) - **«Томь»** (Томск) - **2:1.**

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм 2011 гъэм щекIуэкIа зэхъэзэхуэм и яп Iыхьэм кьрикIуар

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зенит»	30	17	10	3	59-25	61
2. ЦСКА	30	16	11	3	58-29	59
3. «Динамо»	30	16	7	7	51-30	55
4. «Спартак»	30	15	8	7	48-33	53
5. «Локомотив»	30	15	8	7	49-30	53
6. «Кубань»	30	14	7	9	38-27	49
7. «Рубин»	30	13	10	7	40-27	49
8. «Анжи»	30	13	9	8	38-32	48
9. «Краснодар»	30	10	8	12	38-43	38
10. «Ростов»	30	8	8	14	31-45	32
11. «Тэрч»	30	8	7	15	29-45	31
12. «Волга»	30	8	4	18	24-40	28
13. «Амкар»	30	6	9	15	20-39	27
14. «Крылья Советов»	30	6	9	15	21-43	27
15. «Спартак-Налшык»	30	5	9	16	23-40	24
16. «Томь»	30	4	8	18	19-58	20

Нэгуэр Айданэрэ я тренер Емкъуж Мухьэмэдрэ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Амкар» (Пермь) - 2:0 (1:0). Щэрыуэгъуэм и 5-м. Прохладнэ. «Центральный» стадион. Щыхъ 570-рэ епльащ.

Судьяр Чистяков (Iуэрэ).

«Спартак-Налшык»: Намашкэ, Фомин, Аравин, Кьумыкъу (Мэкъуауэ, 78), Мыбэ (Щэуей Эмырхъан, 77), Щэуей Алихъан, Егъэн (КъэущIысокъуэ, 88), Хьэгъабэнэ (Абаэ, 76), Тебэрды, Къэжэр (Милич, 46), Серчэ.

«Амкар»: Данилов, Цискаридзе, Идову, Мьюшкович, Молодцов (Морыганов Андрей, 52), Секретов (Кочкин, 66), Козлов, Романенкэ (Андреевский, 46), Рябоколенкэ, Сиротин (Морыганов Константин, 63), Субботин.

Топхэр дагъэкIащ Тебэрдым, 36 (1:0). Милич, 57 (2:0).

Дагъэу хуащIащ Къэжэрым, Сиротиным, Рябоколенкэ, Мьюшковичым, Секретовым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я мыгъэрей зэпеуэр нухащ. Иджыри кьэсэ зэрекIуэкIам хуэдэу ар иужь дыдэу кьыщIэкIынущ. ЕтIанэгъэ щегъэжьауэ гуп нэхъыщхьэм я щIалэгъуалэ командэхэр етIуанэ дивизионым хагуашэу абы щагъэджэгуну я мурадщ, 90 гъэхэм зэрыщытам хуэдэу.

Нужь зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» хэтэрыкIуэ нигъэкIуэкIащ. Джэгум и кIыхьагъкIэ абы тепщэныгъэ IэщIэлъащ икIи Тебэрдымрэ Миличрэ дагъэкIа топхэм я фIыгъэкIэ 2:0-у текIуащ.

Чемпион хъунур щыщэсэкIар иужь дыдэ зэIущIэращ. Очко зэхуэдиз (51-рэ) зиIэ **«Локомотив»-мрэ ЦСКА-мрэ** езыхэм я зэпэщIэныныгъэм хэт ар нэхъ хуэфащэми щаубзыхуащ. Абы кьарукIэ зэхуэфащэ командэхэр щыызэуэзауэ пхъэмбгъуэнхъуэм «Локомотив»-р 3:0-у яп ища иужькIэщ ЦСКА-м и щIалэгъуалэм зы топ закъуэ жэуапу щратыжьыфар. Арати, текIуахэм дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ. Дыдейэр епщIыкIуащ.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт командэхэм я адрей щIалэгъуалэ гупхэми я кIэух зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм кьаркIуа бжьыгъэхэм щыгъуазэ фIыгъэкIуащ. Джэгум и кIыхьагъкIэ абы тепщэныгъэ IэщIэлъащ икIи Тебэрдымрэ Миличрэ дагъэкIа топхэм я фIыгъэкIэ 2:0-у текIуащ.

ХЬЭГАУ Исламэ.

Щалэгъуалэ зэпеуэ

АдэкIэ нэгъуэщIыну?

Зэ I ущIэ нэ уж ым

БОЖОВИЧ Миодраг, *«Амкар»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Нэхъ ерыщыр токIуэ

- Мыпхуэдэ зэIущIэм утепсэлъыхьыну хуабжьу гугъущ. Джэгунэ губгъуэр апхуэдизу Iисрафти, дэрэ налшыкдэсхэри гугъу дригъэхьащ, ди зэфIэкIыр ядынэсри кьыдигъэгъэльэгъуакъым. Апхуэдизэм и деж нэхъ ерыщыр, зышыIэныгъэ зиIэр токIуэ – иджыри кьэхъуар аращ. Дэрэ яп Iыхьэм Iэмал хъарзынитI-щы диIащ, арщхьэкIэ кьытхуэгъэсэгъапкъым. Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» топ зэрыдигъэкIам и льэр игъэжанащ.

- **ЕбгъэрыкIуэныгъэр япэ игъэщыну фыхуищIэкъуат?**

- Дэ дяпэкIэ зыхъуамэжьныгъэр япэ идгъэщIынукъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди мурадэ псори нобэ кьыдзэхъуIам.

- **Джэгум и яп Iыхьэм жыжьэу щыту ди щIалэхэр куэдрэ гъуэм еуащ, етIуанэм апхуэдизу ящIакъым. Сыт ар кьызэхIар?**

- Яп Iыхьэм дыкъыхэжаныкIыну Iэмал нэхъыбэ зэрыдиIарщ. ЕтIуанэм ахэр нэхъ мащIэ хъуащ. ТаймитIым я зэпыльапIэм топитI кьызэрытхудагъэкIам ди щIалэхэм я льэр щигъэхуащ.

ТАШУ Сергей, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

КьыддэщIаэм фIыщIэ яхудощI

- Псом япэрауэ, нобэ кьыддэщIыну стадионым кьэкIуэхэм фIыщIэ ин яхудощI. КьищынэмыщIауэ, Кьобэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм сохъэхъу кьурмэн хьид лъапIэмкIэ.

Нобэрей зэIущIэм зыкъом зэхигъэкIырт икIи гуапэщ ащхуэдэрэ дызыгъэпсэну. «Локомотив»-р 3:0-у яп ища иужькIэщ ЦСКА-м и щIалэгъуалэм зы топ закъуэ жэуапу щратыжьыфар. Арати, текIуахэм дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ. Дыдейэр епщIыкIуащ.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт командэхэм я адрей щIалэгъуалэ гупхэми я кIэух зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм кьаркIуа бжьыгъэхэм щыгъуазэ фIыгъэкIуащ. «Локомотив»-р 3:0-у яп ища иужькIэщ ЦСКА-м и щIалэгъуалэм зы топ закъуэ жэуапу щратыжьыфар. Арати, текIуахэм дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ. Дыдейэр епщIыкIуащ.

- **Сыткъ ущыгугъ хъуну адэкIэ ди командэм?**

- Дэ дыхущIэкъун хуейщ дэтхэнэ зэIущIэми дыщытекIуэну. АбыкIэ Iэмал хъарзынэхэр дяпэкIэ диIэнущ, сыт щыгъуи ерыщагъэр Iэзагъэр кьэдгъэльагъуэмэ. КьыддэщIэхэр кьыддэIэпыльныгъуэ хуабжьу дыщогугъ.

- **Мы гъэм щыIэну кIэух зэIущIэхэм дауэ зыхуэвгъэхьазырыну?**

- ЩэкIуэгъуэм и 10 пщIондэ щIалэхэм загъэпсэхунущ. Абы и ужькIэ Нартсанэ (Кисловодск) дыкIуэнрэ, зыщыдгъэхьазырынущ. А лъэхъэнэм дащыкIэлъыплъынущ етIанэгъэ зыхэдгъэхьэну ди мурадхэми.

ТЕМЫР Дисанэ.

Ди гум Iэфlу ильщ

Дыгъэфl махуи,
жэщ мазэгъуи,
Сызыщышынэр зыщ:
«Ищlэгъа щыlакъым
щагъуи,
Лlащ, дыхуэарэзыщ», -
Схужьынlэнырщ, си льэпкь
машlэ:
Ар си лlэн тlэунейщ.
Уэ умыщI Iумпэм
си гуащIэр,
Сэ уэ сырыуейщ.
Кlуащ Бетлал.

Ди унагъуэм имысыж щыхьгъусэфI, адэфI, тхьэмадэфI Мыкlуэф Анатолэ хуэфащэ мы уэз сатырхэр. Псэ кьабзэрэ гу хьэпэлрэ ялэу, зэхэщIыкIрэ хьэл-щэн дахэрэ хэлъу псэуа дадэ дунейм зэрехьажьар куэдым жагъуэ тщыхъуащ.

Мыкlуэф Анатолэ

«ПСЭ ЗИIЭМ уахътыи иIэщ». Ажалым Iэмал гуэри щимыIэкIэ, цIыхур, унагъуэр кьыпхуэзарэзыуэ, уи щIыбагъкIэ гъащIэ кIуплщафIэрэ льэужь дахэрэ кьэбгъэнам э, пщIэнщэу упсэуакьым, щIэхи ущыгъупщэнукьым.

Лэсхэн куейм хьихьэ Аргудан кьуажэм щыщ Мыкlуэф Анатолэ и ныбжьыр илъэс 71-м ситу мы гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м дунейм ехьжащ. И сабиигъуэр зауэ зэманым хиубыдэти, сыт хуэдэ лъэпощхьэпоти кьызэринэкIыфу къэгъэгурыкIуащ. Курыт еджапIэм кIуэрэ щIэныгъэ кьыщIихыу, унагъуэм кьэкIуэжьрэ зэрыхуэзфIэкIкIэ зыщIигъакъуэурэ екIуэкIырти, пасэ дыдэу гугъуехьым илъхьащ. Кьуажэ еджапIэр кьиуха нэужь, дзэм кьулыкъу щищIэну ираджащ. Абы зэрыщыIэм хуэдэурэ, зыхуеину тхьылъэр зэрригъэпэщIри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ухуакIуэ факультетым щIэтIысхьащ.

ЕджапIэр екъуIэныгъэкIэ кьиухри, инженер-ухуакIуэ Iэщ Iагъэ зригъэгъэтауэ кьуажэм кьэкIуэжьажащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ щIалэщIэм лэжьыгъэшхуэ зыдэлъ жыIэр хуэныкъуэти, колхозым щызэхэт уухуакIуэ бригадэм Iэнатlэ пэрагъэуващ. И кьалэхэр дыпльажьэнщэу зэфIикIуэу, Iуэхум гулмызагъэу бгъэдыхьэу, и нэIэм щIэту игъэлажьэ цIыкIуэр зыхуей х уигъаазэу, унафащIэкIэ кьуэхуэрэзыр я щIэр фIыкIэ кьрагъуэу лэжьащ. Дадэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэми хуэIэзэгъэ, ухуэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, кьуажэм ирикьуу гъэз щызэбгрыщыным жыджэру хэлэжьаныкъащ.

И щхьэ Iуэхумрэ унагъуэ лэжьыгъэмрэ яп колхоз Iэнатlэр зэрыригъэщу щытар гульытгэншэ ящIакъым. И гуащIэдэкI хьэлэлым кьыпэкIуэу щIыхь тхьылъ куэд, медаль зыжьанэ, дамыгъэхэм ахьыщ сагъэтэхэр

●Фэеплъ

Мыкlуэф Анатолэ

щIыгъуу мызэ-мытIэу кьыхуагъэфэщащ. «ЩIыхь зиIэ колхозхэт», «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ льапIэхэри кьыфIащащ.

Зи гъащIэ псор IуэхущIафэ дахэхэмкIэ гъэнщIауэ щыта дадэ и чэзыр кьыщIысым пенсэм тIысыжащ, ауэ и лэжьэкIэ, Iуэху зехьэкIэ, цIыху бгъэдэтыкIэм щыгъуэзэхэти, куэд мыщIэу лъэIукIэ дашыкри кьуажэ з администрацэм и унафэщIым и кьуэдзэу згъэуващ. А Iэнатlэм щыпэрытми и кьарурэ зэфIэкIымрэ кьахьыну Iуэхугъуэ щхьэкIэ цIыхухэр зэи игъэщIэхьуакъым, куэдым сэбэп яхуэхуэну, нэхъыбэ хэм хуэфащэ пщIэ яхунщIэ нэхъыщхьэм чэнджэщ щхьэпэхэр яриту, ныбжьэгъуэхэр игъэпэжу кьекIуэкIащ.

Мыдэжьэ, дадэ и унагъуэм и гуащIэм, и щхьэгъуэз ЗшэимэтI (си гуащIэр) щытхъушхуэ иIэу Аргудан кьуажэм дзэ курыт еджапIэм илъэс 40-м нэблагъэкIэ щыпэжащ, цIыхум фIыуэ кьалъагъуэу, пщIэ кьыхуащIу. И лэжьыгъэфIым папщIэ «ЦIыхубз егъэджэныгъэм и отличник» цIэ льапIэр кьыфIащащ. Я щIалитIым щэныгъэ зэхъэщхьэ ирагъэгъуэтащ. Нэхъыжьхэм Альберт Лэсхэн кьуажэм Сабий творчествэмкIэ и унэм и унафэщIым и кьуэдзэу эмалажьэ, нэхъыщхьэ Ахьмэт «Ростелеком» ОАО-м и республикэ кьудамэм и Iэщ IагъэлIащ. Дадэ и бынитIми псоуалэ я кьэзэрригъэпэщу унагъуэу игъэтIысыжаурэ икIи и кьалэн эрахунщIамкIэ игу зэрэщагъэ апхуэдэт. Ауэ, идакъы тIэкIу зызгъэпсэхуну, кьуэрылъхуэхэр згъэгушхуэнщ щыжиIэм, ди жагъуэ зэрэхьущи, дунейм екьежащ.

ТIэщIэкIащ щхьэгъусэ тынш, анэжьыльхуфI, щапхъэ зытрах адэ, адэшхуэ гумащIэ, ныбжьыкIэтIу пэж, кьуажэм и цIыху щыпкъэ.

Тхьэмадэфl... Ар зы псалъэкIэ кьыпх уэмыIуэтэнын хуэщI. Ар кьызэрыгуэмыкIыу гуапэт. ЗэныгъэльуитIми дадэ и зы псалъэ жагъуэ зэхэтхакъым. Сыт щыгъуи дигъэ ушхуэт, длэжьэр хьууэ жиIэурэ ди льэр щIитэкIырт, ди псалъэ хэр фIэзэхуэт, дыпIэфIым нэхъ Iэфl Iу мыхуауэ жиIэрт. Iуэху гуэркIэ гъуэгу дытехьэн хуей хьурэ зыхуэдзэхэрэ, и машинэр зэщIэгъэнауэ кьыпэплъэрт. Хадэм дитми ди гъуэст, пщIантIэм дыщыIэу зIыуэуми кьыдбгъэдэтт, чэнджэщ дыхьэныкъ уэмэ чэнджэщэгъэ кьытхуэкъуэрт, сыткIи кьыддэIэпыкъурт. Цыхуэ пэ жт щхьэх зымыщIэт, акьылыфIэ т, бкьыфIэшхуэт.

Ди гум Iэфlу кьинащ, дыхуэарэзыщ, ахърэт нэху Тхьэм кьрит!

МЫКIУЭФ Анжелэ.

Журналистхэр Iулъхьэм и бийщ

Iулъхьэм бгэныным теухуауэ екIуэкI Iуэхугъуэхэр ди решительнэм и кьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм нэхъыфIу кьыщыгъэлъэгъуэныгъэмкIэ илъэс кьэс ирагъэкIуэкI хабзэ «Антикор» республикэ зэпеуэм хэтыну кьыдгъэнэну хэтыхьэхэр зэрыщIэлъ Iулъхьэм и 15 пщIондэ ягъэхъ хьунущ.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, зэхьэзэхуэм и кьалэныр цIыхухэр кьэралым и Iуэхутхьэбзэхэр нэхъыфIу зыIэрагъэхьэныкIэ я хуитыныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и властхэм Iулъхьэм ебэныныкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм щыгъэгъуэзэныгъ. Зэпеуэм ягъэхь лэжьыгъэхэр зэнтIыгъуэ 9-кIэ (номинаци 9-кIэ) гуэшащ. «Республикэ газетхэм я тхыгъэ нэхъыфI», «Муниципальнэ газетхэм я тхыгъэ нэхъыфI», «ИнтернеткIэ кьакIуэ тхыгъэ нэхъыфI», «Телевизионнэ сюжет нэхъыфI», «Теленэтэн нэхъыфI», «Зи щхьэ хущIыт газетхэм я тхыгъэ нэхъыфI», «Радионэтын нэхъыфI», «Радио сюжет нэхъыфI», «Журналист къэхутэныгъэ нэхъыфI».

«Антикор» республикэ зэхъэзэхуэм хэтынухэм я пльэ тхылъхэр 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 15 хуэдизкIэ ирагъэхьэнущ мы хэщIапIэм: **Налшык, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 57. Тел.: (8662) 77-83-50.**

ЕгуГуу игъэкIырт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и наркопольицейхэм ШэджэЕтIуанэ щыпсэуу килограммэ 120-рэ хьэщIыкIыгъэ 52-рэ кьытрахащ.

АБЫ И ЗЫ ПЫХЬЭР езым и хадэм, етIуанэ - и кьуэшым и щIапIэм щигъэкIырт. ЩIыпIэм кьрагъэдэтэгъэ агрономым кьызэрипщытамкIэ, щIэпыр егугъуу игъэкIырт: къэкIыгъэхэр псы хуигъаIэртэкьым, ипщIэрт, щIыгъэпшэрхэр кьигъэсэбэпырт.

Щэч зыхуащIам щыпкъэрыпущIыхьым, ялужьа Iуэхур хабзэм кьызэрыпсэгъэзэм зэрыщыгъуазэмкIэ зиумысыжащ.

Уголовнэ Iуэху кьаIэтри, Шэджэм районым судым ягъэхьащ.

СУАНОВЭ Залиф, *УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъымкIэ и федеральнэ кьулыкъум и Iуэхущапи Iэ КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапи Iэ.*

Интернет-салоныр джэгупIэ клубу кьыщIокI

Налшык кьалэ и хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм джэгупIэ Iуэхущапи Iэхэр зэхуэщIыжьыным я кьарур хуэзащIагъэуIуэ.

ИНГУШ уэрамым тет Интернет-салоным хъалъхьуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым, зэрыджэгу автомату 4 кьытрахащ. Ахэр республикэм и кьалащIхьэм щыпсэу 1984 гъэм кьалъхуа цIыху-хьэм ейщ.

Iуэхур зэхагъэкI. КъБР-м джэгупIэ зэхьэрычэтыщIэр кьыщIыпсэпыудыныкIэ лэжьыгъэм адэкIи пащэ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапи Iэ.

●Шахматхэр

КъБР-м и япэ Президентым и фэеплъу

«Урысейм и Гран-при-2011» зэхьэзэхуэ «Кьуэжьей хадэ» санаторэм щекIуэкIащ. Зи саугъэт фондыр сом мин 250-рэ хьу шахмат псынщIэхэмкIэ Урысейм и Кубок зэпеуэр КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъ зэхьэзэхуэу щытащ. Абы Урысейм и щIыналъи 10-м я спортсмен 76-рэ хэтащ.

МахуищкIэ екIуэкIа зэпеуэр дунейпсо арбитр Зиборовский Виталий зи пашэ зэдыт гуэрыт я нэIэ щIэтащ. Псоми яфIэкIри, текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ Мэзкуу щыщ гроссмейстер Инаркиев Эрнесто. Астрахань къикIа Евдокимов Александр етIуанэ увыпIэр кьихьащ, Дон Iус Ростов щыщ Захарцев Вячеслав - ещанэщ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

●Дзюдо

Айданэ дунейпсо зэхьэзэхуэм макIуэ

ЮАР-м и Кейптаун кьалэм щекIуэкI дуней псом пашэныгъэр кьыщыхьынымкIэ зэпеуэм дзюдоит ныбжьыщIэхэмрэ илъэс 20-м нэблагъэ щщащэхэмрэ зэхуэщIащ.

Иджы япэу Урысейм и командэ кьыхэхам хэту абы и зэфIэкI щигъэлъэгъуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Нэгуэр Айданэ.

ГЪЭУНЭ Светланэ, *КъБР-м Спортымкlэ, туризмымрэ куфотхэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапи Iэ.*

Редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ
ЖЫЛАСэ Заурбэч

РЕДАКЦ Iм и КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкlэмыхьэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкъарэ Алик.**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ и кьыдагъкI

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щапхъэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущапи Iэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи Iэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэу зэпыту щытыкIэм.

Газетыр Iэ тезыдзэм яхуэхьынщи я пащ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хитныныгъэм щыщIэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапи Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы льэпсэм газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграфр» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Элдэ, редактору Щоджэн Анзэ, компьютер корректорэу Щоджэн Анзэ (1, 2-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Мырзэкан ФатIимэ.** *Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3730